



RÉPUBLIQUE D'HAÏTI

Le Premier Ministre

LÈT KADRAJ PWOJÈ BIDJÈ POU LANE 2025-2026 LAN

A TOUT

MESYEDAM ÒDONATÈ YO

Peyi Dayiti ap viv yon moman difisil kote zak vyolans ap taye banda, kriz sosyal yo ap vale teren, enstitisyon Leta yo pa sispann febli, epi ekonomi peyi a pa sispann fè bak. Se sa ki fè preparasyon bidjè pou ane fiskal 2025-2026 lan gen yon enpòtans estratejik. Li ofri nou opòtinite pou nou rapousib aksyon ki te nan bidjè rektifikatif 2024-2025 lan, ki dwe ranfòse nan lide pou pote bon jan rezilta pou popilasyon an. Li temwaye tou angajman gouvènman genyen pou remanbre otorite Leta a, chanje pèsònèl politik la epi tabli baz pou remete ekonomi peyi a kanpe pou bon.

Fason bidjè rektifikatif la ap ekzekite jiskaprezan pèmèt nou idantifye tout feblès ki egziste yo, pou pote koreksyon ki nesèsè epi mete limyè sou chanjman nou vle fè pou ekzèsis 2025-2026 lan. Ekzèsis fiskal 2024-2025 lan fè nou wè aklè anpil gwo pwoblèm estriktirèl, tankou kantite zwit depans investisman ki fèt yo ki montre feblès kapasite enstitisyon Leta yo. Men, bon jan mezi pran pou pwojè yo pi byen planifye, kontwòle ak reyalize pi byen nan mwa k ap vini yo. Li enpòtan pou enstitisyon yo pran leson sou eksperyans sa yo, epi mete kanson yo nan tay yo yon fason pou nou ratrape sa nou te rate nan kad reyalizasyon nou anvan ekzèsis la fini.

Pami angajman akò politik 3 avril 2024 la prevwa yo, gen de (2) ladan yo ki ranpòte lamayòl : se fini ak ensekirite a tipa tipa epi òganize bon jan eleksyon pou renouvle pèsònèl politik la. Se misyon prensipal tranzisyon ki la a, epitou se sèl chimen pou peyi a jwenn establite pou yon bon tan, epi fè ekonomi an reprann jarèt. Nan sans sa a, nou dwe byen reflechi sou tout aksyon enstitisyon n ap dirije yo planifye pou bidjè 2025-2026 lan, òganize yo epi klase yo nan lide pou yo makonnen dirèkteman oswa endirèkteman ak prensipal objektif sila yo.

Mesyedam Òdonatè yo,

Yon lòt fwa ankò, m ap pwofite di nou mèsè paske nou pote kole nan gwo chantye sa a ke pèp la konfye nou, anba lobedyans Konsèy Prezidansyèl Tranzisyon an. M ap tou pwofite mande chak grenn nan nou, pou sa ki konsène l, pou fè lèt kadraj sa a sèvi nou bousòl. Lèt sa a konsidere frajilite sityasyon n ap viv nan moman an ansanm ak barikad ki sou chimen nou jodi a, pandan li ap chèche mete baz pou yon demen miyò pou tout pitit peyi a.

Nan dinamik tranzisyon politik la, Gouvènman an deja mennen anpil aksyon pou eleksyon yo ka fèt san grate tèt. Dekrè sou referandòm nan, ki pibliye 3 jiyè 2025, se yon pa enpòtan pou derape



Le Premier Ministre

ak pwosesis elektoral la. Fon espesyal pou eleksyon an, ki te gen 39 milyon dola ameriken nan dat 30 novanm 2024 la, vin ogmante ak 10 milyon dola ameriken anplis. Gen plan pou ajoute sou li 27.5 milyon dola ameriken anvan mwa septanm 2025 lan fini. Yon avanpwojè konstitisyon te distribiye, nan mwa me 2025, pou pèmèt pèp la bay kòmantè ak pwopozisyon li. Tout aksyon sa yo ap prepare teren pou referandòm lan dewoule sou tout teritwa nasyonal la nan kèk mwa, epi pou òganize eleksyon jeneral apre sa, jan akò 3 avril 2024 la prevwa li.

Menm si ajanda politik la lou, nou gen konsyans sitiyasyon ekonomik peyi a bay anpil kè sote. Ane sa a pral fè sèt (7) lane, youn apre lòt, depi ekonomi peyi a ap degrengole. Dènye estimasyon pou egzèsis 2024-2025 lan montre kantite byen ak sèvis peyi a pwodui (PIB) ap bese nan nivo -3,1 % byen lwen anba +1% nou te prevwa a, pandan ekonomi mondyal la, dapre Fon Monetè Entènasyonal (FMI), kenbe yon kwasans ki pa twò wo (+ 2,8%) malgre tansyon jewopolitik ak komèsyal yo, ki gen rapò sitou ak frè ladwàn Etazini mete yo, ki frennen komès ak investisman yo.

Premye sis (6) mwa ekzèsis fiskal 2024-2025 lan, montre Ekonomi peyi a pa sispann fè bak. Li tonbe nan -2,6%, lè nou konsidere rezilta menm peryòd ane pase a. Sektè ki ta dwe bay pi bon rannman yo bese pi red toujou. Nou vle pale de agrikilti (-5,8%), konstriksyon (-6,6%), sèvis otèl ak restoran (-6,8%). Se ensekirite k ap taye banda nan peyi a, investisman Leta a ki p ap pwogrese mele ansanm ak difikilte pou moun, byen ak sèvis sikile lib e libè, san konte kondisyon pou yo estoke yo ki vin pi difisil, ki mete peyi a nan sitiyasyon ekonomik sa a.

Pri byen yo pa sispann monte bwa. Nan mwa me 2025 lan, yo rive nan nivo 27,2 %, pandan li te 25,3% nan mwa me 2024 lan. Pou kategori byen ak sèvis ki pi wo yo se : Lwaye, dlo, gaz ak lòt pwodui ki soti nan petwòl (41,5%), komunikasyon (39,7%) ak pwodui pou manje, bwason ki pa gen alkòl (29,9%). Se ensekirite a ki lakòz sitiyasyon sa a, paske pwodui yo pa ka rive jwenn komèsan yo, depans pou transpòte yo vin pi chè, sa ki fè ti monnen ki rive jwenn popilasyon an pa ka achte anyen epi lakòz politik Leta ap mennen pou chanje kondisyon lavi popilasyon an pa bay rezilta pou tout moun wè a klè.

Nan sa ki pou wè ak jan Leta a ap rantr epi depanse lajan, Direksyon Jeneral Enpo ak Ladwàn ranmase 142,88 milya goud rive 30 jen 2025 lan, sa ki reprezante 66,1% nan sa ki prevwa nan bidjè rektifikatif ekzèsis fiskal sa a. Men, si n ap konpare resèt sa yo ak resèt mwa jen ane pase a, yo pi wo (15%). Fòk nou remake tou pri yo ogmante pi vit pase resèt yo, sa vle di, an reyalite, ogmantasyon sa a pi piti pase sa nou panse a, kidonk, an reyalite, Leta a pèdi kòb olye li genyen. Pri yo te ka pi wo toujou si pri dola t ap monte desann san kontwòl. Paske pri dola a rete plizoumwen estab, sa fè Leta a rive kanmenm grapiye sou resèt li rantr sou gaz li komande nan peyi lòtbò dlo.

Nan dat 30 jen 2025 lan, pousantaj ekzekisyon tout depans Leta yo te ba, li te sèlman 54.3%. Kidonk, depans investisman yo kontinye make pa sou plas. Sou 36 milya goud ki prevwa pou investisman sou fon trezò piblik la, nan bidjè rektifikatif 2024-2025 lan, se sèlman pouwa ekzekitif la ki fè depans. Nan dat 7 jiyè 2025 lan, ekzekitif lan depanse 18,7 % kredi yo, pandan



Le Premier Ministre

pouvwa jidisyè ak enstitisyon endepandan yo pa angaje okenn depans. Lè nou founi je gade depans sa yo nan chak sektè, nou wè aklè feblès depans investisman yo nan sektè sosyal (6.1%) ak nan sektè ekonomik lan (12%), malgre sektè sa yo gen gwo montan nan bidjè a.

Komès peyi a avèk peyi lòtbò dlo kontinye debalanse chak jou pi plis. Machandiz nou achte nan men letranje ogmante pou rive 14% pandan ke sa nou vann yo bese pou rive -4% sou sis (6) premye mwa ekzèsis fiskal la. Sitiyasyon sa a montre jan nou lage vant nou nan men letranje. Nan ane 2024-2025 lan, sa nou vann aletranje te kouvri sèlman 15 % sou chak dola nou bezwen pou nou peye sa nou achte lòtbò dlo, pandan li te 21 % gen 2 lane de sa. Lwa HOPE/HELP sou pwodiksyon twal ak rad.

pou voye nan Peyi Etazini ap ekspire nan mwa septanm 2025 lan. Nouvèl sa bay anpil kè sote nan sektè a epi fè nou pa ka voye machandiz nan peyi letranje jan nou te konn fè li anvan. Se transfè lajan dyaspora yo, ki ogmante rive 21 % sou peryòd la, ki ede nou kenbe kousi kousa estabilite nan pri nou achte dola a. Transfè sa yo ede nou diminye defisi balans lajan k ap sòti nan peyi a ak sa ki ap rantre, men sa pa anpeche balans komès peyi a kontinye degradingole.

Politik monetè Bank Santral la chita sou chèche yon mwayen pou pri dola a pa derape. Se sa ki fè Bank lan kontinye ap vann bon trezò sou mache a, epi mete dola pou retire goud anplis ki nan ekonomi an. Aksyon sa yo, makonnen ak jefò ki fèt pou nou pa mande bank santral finanse defisi bidjè a bay plizoumwon bon rezilta nan sa ki gen pou wè ak estabilite pri dola a. Sa enpòtan anpil paske li pèmèt pri byen ak sèvis yo pa monte desann twòp epi kenbe ekilib nan tout lòt sektè ekonomi peyi a pou evite tout derapaj makwoekonomik ki ka gen gwo konsekans sou lavi popilasyon an.

Mesyedam,

Sitiyasyon ekonomik espesyal peyi a mande pou nou pran mezi solid nan bidjè a, desizyon ki estratejik ki chita sou tèt ansanm enstitisyon Leta yo youn ak lòt epi ansanm ak lòt patnè nou yo. Previzyon pou ane fiskal 2025-2026 lan ap fèt ak anpil pridans, pandan n ap pran leson sou jan nou ekzekite bidjè lane pase yo epi ankouraje aktivite reprann nan zòn kote ensekirite a pa twò fò, epi fè tout sa nou kapab pou plis kòb rantre nan kès Leta.

Pwojeksyon makwoekonomik pou bidjè 2025-2026 lan chita sou posibilite pou gen yon amelyorasyon pazapa nan sitiyaasyon sekirite a, ansanm ak investisman piblik ki vize satisfè bezwen popilasyon an. Nou p ap kwoke makout nou kote men nou pa ka rive, yon fason pou pa gen twòp diferans ant sa nou prevwa ak sa nou ka reyalize, jan nou te konstate sa pandan sis (6) dènye ane yo. Nou chèche kenbe estabilite pri yo gras ak yon politik monetè solid, n ap jere depans Leta yo nan bon ti mamit. N ap travay pou ogmante kantite aktivite Leta ka aplike taks sou yo (asyèt fiskal) epi ranfòse enstitisyon k ap kolekte lajan yo. Finalman, defisi bidjè a p ap finanse ak lajan Bank Santral kreye, men n ap chèche finansman ni bò kote patnè entènasyonal yo, ni sou mache lokal la ak bon Trezò Leta.

Le Premier Ministre

Kidonk, previzyon sitiwayon makwoekonomik peyi a pou 2025-2026 lan chita sou sipozisyon sa yo :

- Kwasans ekonomik peyi a ap ogmante pou rive 0,3% ;
- Pri yo p ap depase 23,4% nan finisman ane fiskal la ;
- Presyon fiskal la ap rete nan nivo 4,4%, (nan menm nivo nou prevwa li ka rive nan finisman ane fiskal 2024-2025 lan) men nou espere li retounen nan nivo 2023-2024 lan (5%), apati lane fiskal 2026-2027 lan ;
- P ap gen finansman Bank Santral;
- Kantite bon trezò Leta ap mete sou mache lokal la ap rive 25 milya goud.

Le Premier Ministre

Pandan twa (3) lane k ap vini yo, n ap chèche ranmase plis lajan epi fè Leta depanse pi byen. N ap fè jefò pou ogmante kantite depans nan depatman yo, epi fè tout sa ki posib pou lajan sa yo itilize san voye wòch kache men.

Mesyedam,

Priorite k ap nan bidjè 2025-2026 lan pa sipoze depaman ak sa ki prevwa nan Akò 3 avril 2024 la.

De (2) pi gwo priorite moman an pou Gouvènman an se tabli sekirite epi òganize eleksyon. Se yo ki baz tout lòt chantye nou gen pou nou travay sou yo. Pou sa rive fèt, fòk nou pran angajman pou nou gen yon peyi kote dwa tout moun respekte epi pou tout moun jwenn jistis san fòskote. Se pou sa senkyèm chantye nou se bay enstitisyon ki la pou bay jistis yo jarèt, pou yo goumen kont koripsyon epi pou tout moun egal ego devan lalwa. Kidonk, fòk sa parèt aklè nan previzyon n ap fè pou bidjè 2025-2026 lan.

a. Sekirite Piblik ak nasyonal

Premye chantye ki pi enpòtan an, se sekirite piblik ak nasyonal. Nou konsidere l tankou mwayen pou fè pwodiksyon menm jan ak fòs travay, ak kapital. Pou sa rive fèt, anpil jefò dwe fèt pou rekonstwi komisarya ak pòs polis yo, rekrute plis moun nan Lapolis ak nan fòs Lame a, epi achte bon jan ekipman modèn pou fè faskare ak ensekirite a.

Nou dwe ranfòse tèt ansanm nan mitan fòs lòd yo pou nou bay bon jan repons ki koresponn ak reyalite a epi ki bay bon rezilta. N ap konsantre nou sou batay kont gwoup kriminèl yo, pandan n ap bay kò ki espesyalize nan lapolis la plis jarèt pou kwape gang ak zam ilegal yo. Plis kontwòl ap fèt sou machandiz k ap antre nan ladwàn, nan pò yo ak sou fwontyè yo, pou anpeche zam ilegal ak bal sikile nan peyi a. Anplis, n ap mete yon sistèm sekirite enfòmatrik modèn sou pye epi ranfòse kapasite lojistik nou yo, pou bay tout lòt mezi ki la pou retabli otorite Leta a plis fòs, pou tout bon, sou tout teritwa a.

b. Refòm konstitisyon an ak òganizasyon eleksyon

Nou p ap ka mete yon sosyete ki byen òganize sou pye si nou pa angaje nou nan refòm konstitisyon an. Se sou baz sa a Leta a ka pran fòm kò li, epi n ap ka retounen nètalkole nan yon sistèm demokratik solid. Anplis, òganize eleksyon serye epi pase pouvwa a bay otorite pèp la chwazi, se misyon prensipal gouvènman tranzisyon an.

Gouvènman an vle eleksyon k ap vini yo tounen kafou verite pou mete demokrasi a sou ray. Se poutèt sa, n ap kore Konsèy Elektoral la nan travay li, mete sekirite nan tout pwosesis elektoral la, garanti livrezon materyèl vòt yo sou tout teritwa a, epi fòme ajan elektoral yo kòmsadwa. N ap itilize teknoloji ki modèn pou fè eleksyon yo dewoule san magouy, san voye wòch kache men. N ap lanse kanpay sansibilizasyon yo tou, espesyalman pou jèn yo, fanm yo ak tout moun k ap viv nan tout rakwen peyi a, pou ankouraje patisipasyon tout sitwayen.

c. Remanbre ekonomi peyi a, rekonstri enfrastrikti yo epi devlope rejyon yo

Pou nou remanbre ekonomi peyi a, fòk nou makonnen gwo refòm yo ak finansman ti biznis ki viktim nan ensekirite a, epi kreye enfrastrikti ak sant devlopman ekonomik nan rejyon yo. Nou pral konsantre plis sou bay sektè k ap pwodui twal ak rad yo jarèt yon fason pou nou pare tann konseskan lwa HOPE/ HELP la ka genyen, kit li renouvle kit li pa renouvle. Sektè komès ak endistri a, ki se potomitan aktivite ekonomik peyi a, gen yon wòl enpòtan nan remete ekonomi peyi a sou pye, sitou nan nan sa ki gen pou wè ak reprann rezo distribisyon yo, fè yo sikile pi byen, epi ankouraje pwodiksyon lokal la. Anplis, n ap mete yon Santral Bilan sou pye pou tout tranzaksyon ki gen pou wè ak lajan fèt aklè, pou gen bon jan kondisyon pou biznis fèt nan peyi a, epi pou konfyans ka tabli nan mitan tout aktè ekonomik yo.

N ap ranfòse agrilti ki se prensipal sous pou moun ki nan pwovens yo jwenn djòb, pandan n ap envesti nan irigasyon, itilize machin pou travay latè, pwoteje basen vèsan yo, epi sèvi ak pratik ki tou nèf. Sektè agrilkilti melanje ak endistri a ap jwenn ankourajman pou ankadre transfòmasyon lokal pwodwi agrikòl yo, ranfòse pwosesis devlopman pwodui yo, epi ankouraje lavant yo nan peyi lòtbò dlo. Politik piblik sa a ap ede peyi a koupe kòd depandans ak pwodui k ap soti lòtbò dlo yo epi kreye mwayen ekonomik pou pwodiktè lokal yo pou yon bon tan. Anplis, sa pèmèt tout teritwa yo devlope san fòs kote, yon devlopman teritoryal ki ekilibre, ki ankouraje kreyasyon platfòm pwodiksyon ki kapab resevwa plis travayè, epi ki ranfòse solidarite sosyal la.

Se nan menm lojik sa a n ap fè aktivite sektè touris la reprann jarèt. N ap pwofite ranfòse zòn ki gen mwens latwoublay yo, sit patrimwàn yo, ak konstriksyon ki te la deja yo yon fason pou nou ankouraje devlopman touris lokal ak entènasyonal. Se kolaborasyon ant Leta ak sektè prive a, kanpay pwomosyon byen monte pou atire touris, ak yon estrateji pou ofri plis kalite ak varyete sèvis pou touris, k ap fè sektè sa a rete djanm. Fòs sektè sa a se kreye djòb,



Le Premier Ministre

fè dola rantre nan peyi a, epi remanbre ekonomi lokal yo, sa ki pral fè sektè touris la tounen yon zouti ki kouvri tout lòt sektè yo nan sa ki gen pou wè ak relans ekonomi peyi a.

Estrateji pou remete ekonomi peyi a kanpe pral mache ak reyalite, ak kapasite chak rejyon yo. N ap konsantre investisman yo nan zòn ki pa gen twòp latwoubay yo, sitou nan sa ki gen pou wè ak pò ak ayewopò ki la déjà yo. N ap kontinye bay menm avantaj sou taks yo jan sa te prevwa nan bidjè rektifikatif 2024-2025 lan, pandan n ap travay sou lòt aksyon pou ankouraje antrepriz yo. Leta ap kontinye travay pou depans piblik yo fèt nan bon kondisyon, san gaspiyaj, nan lòd ak transparans, epi pouse administrasyon piblik la bay pi bon rezilta, yon fason pou ekonomi an ka grandi, kenbe tèt ak lòt peyi yo, epi bay tout moun menm chans.

Finalman, li bon pou nou fè nou sonje lè nou remanbre ekonomi peyi a, se yon zouti endispansab nan batay kont ensekirite a. Lè gen djòb ki kreye, lè tout moun gen aksè ak sèvis labank, kredi elatriye, lè tout rejyon peyi a devlope san fòs kote, sa pèmèt diminye kantite moun ki nan sitiasyon difisil nan sosyete a, epi ba yo lòt solisyon serye ki ka ranplase ekonomi enfòmèl oswa aktivite ilegal yo. Se nan vizyon sa a jefò pou remanbre ekonomi an tounen youn nan potomitan estrateji pou estabilize peyi a.

d. Sekirite alimantè ak sèvis minimòm

Ensekirite alimantè ak difikilte pou popilasyon an rive jwenn sèvis minimòm yo fè kriz imanite nou gen la a vin pi grav. Fòk gen dispozisyon nan bidjè a pou amelyore sekirite alimantè, ranfòse sistèm sante ak edikasyon, epi fè popilasyon an jwenn aksè ak dlo potab, sèvis pou jete fatra ak netwaye katye yo san traka.

Gouvènman an pral bay priyorite ak sektè sa yo pandan l ap mennen aksyon tout moun ka wè klè, tankou transfè lajan, distribisyon manje bay moun ki nan plis difikilte yo, sitou sila yo gang te fòse kite kay yo.

Nan sa ki gen pou wè ak lasante, n ap fè jefò pou tout sant ki fèmen yo relouvri pòt yo, n ap ranfòse lopital yo, mete klinik mobil sou pye, epi fè kanpay vaksinasyon. N ap gen pou ranfòse « pwogram entèvansyon pou ijans minimal » nan sektè sante a nou te kreye nan bidjè rektifikatif 2024-2025 lan pou fè faskare ak yon pati nan difikilte desizyon Leta ameriken pran pou mete bout nan akonpayman li konn bay.

peyi Dayiti, ka lakòz. Nan sa ki gen pou wè ak edikasyon, nou prevwa rekonstwi lekòl, distribiye materyèl edikatif, epi bay pwofesè yo bon jan fòmasyon.

Anplis, n ap pran mezi pou tout moun jwenn plas yo nan sosyete a, pou pwoteje sila ki pi fèb yo pandan n ap mennen aksyon tankou kwape vyolans sou fanm, epi fè transfè lajan bay moun ki nan bezwen yo.



Le Premier Ministre

e. Respè dwa moun, lajistis, gouvènans ak batay kont koripsyon

Jefò n ap fè pou dwa moun respekte epi pou yo jwenn jistis san fòs kote se chwal batay nou pou sitwayen yo rejwenn konfyans nan enstitisyon Leta yo, epi bay tout moun garanti y ap jwenn tretman egal ego devan lalwa. Pou sa fèt, sa mande aksyon tankou rekonstwi tribinal ak prizon, sispann kenbe moun nan prizon san yo pa jije, epi bay anplwaye k ap travay nan sistèm lajistis yo bon jan fòmasyon.

Batay kont koripsyon rete youn nan priyorite nou, n ap bay tout enstitisyon kontwòl yo tankou Inite Lit Kont Koripsyon (ULCC), plis ankadreman ak plis sipò, epi kontinye ankouraje kontwòl sou jan lajan Leta ap depanse. Anplis, n ap vini ak bon jan estrateji ak sèvis adapte pou akonpaye fanm k ap sibi zak vyolans yo (VBG).

f. Yon administrasyon fiskal modèn

Si nou vle rantre plis lajan nan kès Leta a epi fè bidjè a mèt tèt li, fòk nou modènize enstitisyon ki la pou ranmase lajan yo. Se poutèt sa, nou pral konsantre nou pou nou remanbre Direksyon Jeneral Enpo (DGI) pou jwenn solisyon ak feblès li genyen nan òganizasyon sèvis ki anndan li yo, ogmante kantite zwit kontribyab li yo, epi mete prese prese sistèm enfòmasyon li an kanpe. Fòk deklarasyon ak pèman elektwonik taks yo, sitou pou gwo ak mwayèn antrepriz yo, fèt san pèdi tan pou jwenn pi bon rezilta nan sa ki gen pou wè ak idantifye, kontwole epi ranmase taks.

Otorite yo deja mete sou pye yon plan byen monte pou aplikasyon Kòd Fiskal la, ki dwe kòmanse premye oktòb 2025 lan. Depi Kòd Fiskal la kòmanse aplike, n ap rapousib ak lòt refòm ki konsène resèt yo ki te pran reta, yon fason pou tranzisyon an fèt san grate tèt. Anmenmtan, n ap ranfòse jefò ki fèt deja pou konekte Ladwàn, DGI ak Trezò pou fasilite sikilasyon enfòmasyon epi amelyore bon jan gouvènans nan enstitisyon sa yo ki okipe yon plas enpòtan nan sistèm fiskal ak bidjè peyi a.

Se nan menm lojik sa a Gouvènman an ap ranfòse sistèm depans global ki rele SIGFIP la pou jere pi byen finans piblik peyi a, ki ap kontinye deplwaye tipa tipa nan tout ministè ak òganis otonòm yo. Rezon an se pou tout moun ka wè akèlè ki wout lajan Leta a ap fè, byen planifye bidjè a epi gen plis kontwòl sou jan l ap ekzekite. N ap pibliye yon bidjè sitwayen ansanm ak dokiman bidjè 2025-2026 lan, nan lide pou garanti plis transparans nan jesyon finans piblik yo. Inisyativ sa a montre akèlè volonte Otorite yo pou mete chif prensipal bidjè a disponib pou popilasyon an, konsa li va konprann ki jan lajan Leta depanse ak ki kote li sòti.

N ap kontinye fè jefò pou pwogramasyon depans yo sou plizyè lane vin pi bon toujou jan sa prevwa nan Lwa 4 me 2016 la sou preparasyon ak egzekisyon lwa finans yo. N ap itilize zouti ki pèmèt nou fè previzyon bidjè a sou plizyè lane (CBMT), anmenmtan n ap korije plafon depans tout enstitisyon yo tanzantan, yon manyè pou fè chwa pi estratejik. Mete sou sa, n ap pibliye nan chak peryòd ki defini pou sa, pi bon rapò sou pèfòmans avèk endikatè pou mezire rezilta yo. Zouti sa yo





Le Premier Ministre

ap pèmèt otorite yo pran pi bon desizyon, ede moun k ap pran desizyon yo rann kont pi byen, epi ankouraje yon jesyon Leta ki chita sou rezilta.

g. Disiplin nan depans yo ak kondisyon pou enstitisyon yo dwe soumèt bidjè yo
Mesyedam Òdonatè yo, nan yon moman kote resous yo pa anpil, nou dwe konsidere plafon endikatif nou resevwa yo pou prepare pwopozisyon bidjè nou yo, respekte priyorite lèt kadraj la epi chwazi pwojè investisman k ap pote bon jan rezilta epi ki kòlte ak reyalite a. Nan objektif sa yo, nou dwe:

- Le Premier Ministre*
- Soumèt pwopozisyon bidjè nou yo selon kapasite nou genyen pou nou itilize yo tout bon, nan respè priyorite Gouvènman an ;
 - Planifye depans nou yo sou twa (3) lane sou baz dokiman ki prevwa depans yo sou plizyè lane;
 - Respekte limit rekritman (fonksyonè/ kontraktyèl) ak barèm salè Leta a ;
 - Detaye montan nou mande yo, tou pwofite montre aklè sa ki pou chak depatman yo, yon fason pou yo parèt nan bidjè a, kit se pou fonksyonman, kit se pou investisman.

Mesyedam Òdonatè yo,

Gouvènman an konte sou nou san gad dèyè pou bati yon nouvo bidjè ki makonnen ak reyalite n ap viv la, ki bay popilasyon an konfyans, epi ki reponn ak defi nou konnen yo. Nou gen devwa pou nou prevwa depans nou yo sou baz priyorite gouvènman an, san penyen lage, nan tèt kole, pou nou ka mete peyi a sou de (2) pye militè li.

Menm si nou pa gen kontwòl sou sa k ap pase nan antouraj entènasyonal la, nan sa ki pou wè ak jewopolitik, migrasyon ak komès, nou p ap kite ekonomi peyi an derape nan men nou. Ann kole zepòl pou popilasyon an jwenn bon jan rezilta ki klè nan je tout moun.

M ap envite chak enstitisyon pou mobilize ekip yo pou yo travay sou pwopozisyon bidjè 2025-2026 yo sou baz priyorite lèt kadraj la, epi soumèt yo nan delè ki prevwa pou sa.

Avèk tout konsiderasyon mwenn!!!

Fèt Pòtoprens, nan dat 8 dawout 2025


Alix Didier FILS-AIMÉ